# 12-май – Халықаралық мийирбийкелер күнине арналған сыйлықлаў кешеси өткерилди

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигинде 12-май – Халықаралық мийирбийкелер күни мүнәсибети менен байрам кешеси өткерилди. Байрам кешесинде ҚР Денсаўлықты сақлаў министри Мурад Қурбанов республикамыздың емлеў орынларында белсенди искерлик көрсетип киятырған орта буўын медицина хызметкерлерин байрам менен қызғын қутлықлады.

Image not found or type unknown

Байрам мүнәсибети менен орта буўын медицина ҳәм фармацевтика хызметкерлери арасында жылдың ең жақсыларын анықлаў мақсетинде өткерилген көрик таңлаўдың Өзбекстан Республикасы басқышында:

1. «Жылдың ең жақсы фельдшери» номинациясы бойынша: 1-орын – Қалимбетов Нзаматдин Шарапович – Республикалық қыстаўлы тез медициналық жәрдем илимий орайы Қарақалпақстан филиалы тез медициналық жәрдем бөлими фельдшери;

2. «Жылдың ең жақсы мийирбийкеси» номинациясы бойынша: 3-орын – Жангабаева Надира Ражаповна – академик В.Ваҳидов атындағы Республикалық қәнигелестирилген хирургия илимий-әмелий медицина орайы Нөкис филиалы мийирбийкеси;

3. «Жылдың ең жақсы тез медициналық жәрдем станциясы мийирбийкеси» номинациясы бойынша: 3-орын – Баймурадов Дастан Мақсет улы – Қарақалпақстан Республикасы Элликқала районлық медицина бирлеспеси тез медициналық жәрдем бөлими фельдшери жеңимпазлықты қолға киргизди.

Image not found or type unknown

Усындай көрик таңлаў Қарақалпақстан Республикасында өткерилди. Таңлаў жеңимпазлары 13 номинация бойынша анықланды.

Image not found or type unknown

Таңлаў жеңимпазлары ҳәм басқаларға өзлериниң пидәкерлик мийнети менен үлги болып жүрген орта буўын медицина хызметкерлерине Өзбекстан денсаўлықты сақлаў хызметкерлери кәсиплик аўқамы Республикалық Кеңеси ҳәм усы аўқамның Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси тәрепинен таярланған Ҳүрмет жарлықлары менен баҳалы саўғаларын ҚР Денсаўлықты сақлаў министри Мурад Қурбанов ҳәм Өзбекстан денсаўлықты сақлаў хызметкерлери кәсиплик аўқамының Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси баслығы Лиза Байбосыновалар салтанатлы рәўиште тапсырып, жеңимпазларды ҳәм барлық орта буўын медицина медицина хызметкерлерин байрам менен қутлықлады.